

TANPRI VOYE FOTOKOPI DOKIMAN OU YO PA IMÈL. NOU PA AKSEPTE ORIJINAL E NOU PA KA FÈ KOPI.

1. Kat Sekirite Sosyal.
2. Kat idantite ak foto.
3. Batistè tout timoun minè yo ak nenpòt timoun ou genyen.
4. Sètifika maryaj.
5. Kopi òdonans pwoteksyon (restraining orders) ki an vigè kounye a oswa ki te bay anvan.
6. Kopi nenpòt òdonans ki janm bay konsènan gad timoun, pansyon alimantè pou timoun, oswa responsablite paran pou timoun yo.
7. Nenpòt lèt nan men HRS ki gen rapò ak akizasyon abi, tankou abandon oswa neglijan.
8. Kopi tout aplikasyon pou privilèj (lien) ak deklarasyon finansye ou te prepare pandan twa (3) dènye ane yo, pa egzanp: aplikasyon pou prè etidyan, aplikasyon ipotèk, deklarasyon finansye bay HRS oswa nenpòt lòt ajans, elatriye.
9. Kopi fich peman (pay stubs) pou twa (3) dènye mwa yo.
10. Kopi deklarasyon taks sou revni, taks sou kado, ak taks sou byen pèsònèl entanjib ou te depoze oswa yo te depoze pou ou pandan twa (3) dènye ane yo.
11. Fòm IRS W-2, 1099, ak K-1 pou dènye ane a, si deklarasyon taks pou ane sa a poko prepare.
12. Kopi deklarasyon kont labank pou sis (6) dènye mwa yo.
13. Kopi tit pwopriyete, deklarasyon fèmte, ak dokiman ipotèk pou nenpòt pwopriyete ou oswa mari/madanm ou posede.
14. Yon deklarasyon resan nan men konpayi ipotèk ou ki montre balans ou dwe ak montan escrow yo.
15. Lis detaye tout dèt yo ak enfòmasyon sa yo: non kredite a, non sou kont lan, nimewo kont lan, dat kont lan te louvri, balans nan moman separasyon an, balans aktyèl la, peman minimòm chak mwa.
16. Kopi tit ak anrejistreman, ki gen ladan nimewo VIN, pou nenpòt machin, bato, oswa trelè ou oswa mari/madanm ou posede.
17. Kopi nenpòt fakti medikal, dantè, oswa lopital ki poko peye pou ou, mari/madanm ou, oswa timoun yo.
18. Kopi deklarasyon benefis piblik, benefis Sekirite Sosyal, chomaj, oswa andikap ke ou, mari/madanm ou, oswa timoun yo ap resevwa.
19. Kopi nenpòt deklarasyon ki gen rapò ak pansyon oswa aksyon ou oswa mari/madanm ou posede.
20. Detay sou pri asirans medikal si prim lan gen ladan depandan yo.
21. Resi pou peman gadri oswa swen apre lekòl.
22. Lis detaye byen pèsònèl ou te genyen nan moman separasyon an, dat ou te achte yo, pri acha, ak valè aktyèl.
23. Kopi kat asirans medikal pou timoun nan oswa timoun yo.